84(5Қар)
А-32

YAQÍPBAY ÁJIMOV

# ERKEBAYDÍ ERKE DEMEŃ...



UDK: 821.512.121-32
BBK: 5 Qar
A-32

Ya. Ájimov.
ERKEBAYDÍ ERKE DEMEŃ: *(gúrrińler hám bolǵan waqıyalar)* — Nókis: «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016-jıl, 32 bet.

Avtor balalar turmısınan alıp jazǵan hár qıylı mazmundaǵı gúrrińlerinde insanǵa jaqsılıq, doslıq paziyletlerin sóz etedi.

Kishi jastaǵı doslarımızdıń kewil tórinen orın aladı dep oylaymız.

ISBN 978-9943-4732-6-3

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 87908

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016-j.
© Ya. Ájimov. 2016-j.

T 1P

## Qulıp nege buzıldı?
*(bolǵan waqıya)*

Úyinde Ótebaydıń jalǵız ózi qaldı. Ata-anası bir aǵayinleriniń úyine qıdırıp ketti.

— Balam, má, mına úydiń giltine bekkem bol, jáne joytıp qoyıp, úyge kire almay turmayıq. Bizler keshke shekem aylanıp kelemiz. Ana, buzawlarıń menen ılaqlarıńa ot ákelip sal. Oqıwıńnan da qalma, — dedi oǵan anası keterinde.

— Yaqshı, apa, qáterjam bola beriń. Bárin de isleymen, — dedi Ótebay.

Túski waqıt. Ótebay úyiniń aldındaǵı úlken bir túp gújimniń sayasına tósek saldı da, uyqıǵa jattı. Qasına kishkene «Murka» atlı pıshıǵın da alıp jattı. Dáslep pıshıǵı menen oynap, onıń moynına qolındaǵı jip taǵılǵan giltin ildirip qoydı. Soń tım-tırıs, pırıldap uyqıǵa ketti.

Birazdan soń iyttiń úrgen sestinen setem alǵan pıshıq birden úrkip, tura qashtı. Onı kórgen iyt te izinen quwa jóneldi. Pıshıq juwırısı menen barıp aq terektiń usha basına órmelep ketti. Jerde onı iyt túsirer emes. Bul shawqımnan oyanǵan Ótebay iytiniń qasına juwırıp kelse, iyti terektiń usha basına qarap úrip turǵan eken. Qarasa, terektiń basında pıshıǵı, moynında úyiniń gilti. Endi ne islew kerek?! Ári-beri terekke tırmasıp kórip edi, órmeley almadı. Iyti de qırsıqlanıp, terektiń túbinde jatıp aldı.

Keshte ata-anası da qaytıp keldi.

— Haw, balam, buzawlarıńa ot salmapsań ǵoy. Oqıwıńa da barmaǵan qusaysań. Úydiń gilti qayda, ákel berman, — dedi apası.

— Apa gilt anaw pıshıqtıń moynında, — dedi ol terektiń usha basın kórsetip.

Sol otırıstan pıshıq ta túse qoymadı. Iyt te terektiń túbinen ketpey, onı ańlıp jatıp aldı.

— Qáne, juwır Ótebay, záńgi menen bir úlken sırıq ákel. Basqa ilajı joq. Bul turıstan tań atqansha tura beretuğın túrimiz bar, — dedi ákesi oğan.

Sırıqtı sozğan sayın pıshıq ta joqarılay berdi. Qáne, endi túsire alsa?

Qullası, sol kúni Ótebaydıń kesirinen jaydıń qulpı buzıldı. Óytkeni, basqa ilajı da joq edi.

## Qos terek
*(gúrrıń)*

Awıldıń bir shetinde quwrap, shaqaları sınğan, ğarrı qos terek tur. Bul qos terekti men bala waqtımnan berli bilemen. Awılımızğa sán berip, báhárde jasıl dónip, qıstıń qáhárli tańlarında qarlı qırawdan siresip turar edi. Bul qos terek ol waqıtları awılımızdıń dál ortasında edi. Awıl jılısıp, berregirek qonıs basqan soń, sırtta qalıp qoydı. Terek ele nálshe shağında biziń úyimiz usı terektiń túbinde bolğanın anamnan talay ret esitkenmen.

Balalıq shaqtıń qızığı, oyın tamashası bir bólek dúnya ğoy! Shaqaları bir-birine ayqasıp ósken tallardıń astında qanshama oyın-zawıqlar qurmadıq deyseń!..

Báhárde qos terekti quslar da panalaydı. Óytkeni, bul jer olardıń da súyikli mákanı. Tınbay juğırlasqan shımshıqlardan baslap, qurqıltaylarğa shekem onıń juwan shaqalarınan ózlerine qolaylı orın tawıp, jıllı uyalar saladı. Dáslepki kúnleri bizlerden úrkip júrgen quslar, keyin ala úyrenisip ketti. Sebebi, bizler olarğa zıyansız edik. Olar hár jılı báhárde usı tamanğa asığadı. Bizlerdi qurqıltaydıń baypaq tárizli etip toqığan uyası tań qaldıratuğın edi. Olardıń palapanların basqa quslardan qorğap júremiz.

Qurt-qumırısqalar ákelip salamız.

Jıllar ótti. Es enip, erjettik. Qos terektiń tariyxı meni qızıqtıra basladı. Onı kim ekken? Nege bul jerde qos terekten

basqa daraq joq? Mine, usı sorawlarǵa tezirek juwap izley basladım. Soń bári málim boldı. Bul qos terekti 1941-jılı urısqa ketken biziń kempir apamızdıń inisi Ǵaybulla atamız tigipti. Ol kóp daraqlar tikpekshi eken, biraq oǵan úlgere almaptı. Onı «Ǵaybullanıń qos teregi» dep te ataydı eken.

Ǵaybulla atamız urıstan qaytpaǵan. Onıń izinen «qara qaǵaz» kelgende, kempir apamız kóz jasların sel-sel tógipti. Bayǵus anası ózi bul dúnyadan kóz jumǵansha balasınan gúder úzbey, kútiw menen ótipti.

Awa, urıs degen kimlerdiń kóz jasların ayadı deyseń! Shaması, fashistler Ǵaybulla atamızdıń izinde «hesh nárse qaldırmadıq, kúlin kókke suwırdıq» dep oylaǵan shıǵar. Joq, olay emes! Ǵaybulla atanıń izinde bizlerge úlgi bolatuǵın, bir qasıq qanı qalǵansha watan ushın gúresken mártlikleri qaldı. Jaqsı niyet penen tikken nálleri qaldı. Bul qos terektiń sayasında saratan payıtlarında sayalaǵan hár bir adam «tikkenge raxmet» dep alǵıs sózlerin aytıp ótedi...

Mine, aradan qırıq bes jıl waqıt ótti. Bizlerdiń baxıtlı balalıǵımızdıń guwası bolǵan qos terek búginligi qartayıp, qula dúzde qaldı. Soǵan qaramastan ol urıs jıllarınıń, qala berse, bizlerdiń balalıǵımızdıń eskertkishi bolıp qalǵanday...

Men hár sapar onıń qasınan óter ekenmen, qos qolımdı kóksime qoyıp, tájim etip ótemen...

**1990-jıl.**

## Erkebaydı erke demeń...

*(gúrriń)*

Bórshitaw. Oǵan jaqın jerde «Qaratereń»di birewler kól dep te, dárya dep te hátte, teńiz dep te ataydı-aw. Biraq, kól degeni durısıraq-aw sirá?! Bul jerge kelip kórgenlerińiz bolsa, jaqsı bilesiz. Onıń suwı jaǵadan qara reńde, kútá tereń, túpsizdey bolıp kórinedi. Eki boyı tınıp turǵan jap-jasıl toǵaylıq. Bórshiniń tóbesinen qarasań, alıs-alıslardaǵı órkesh-órkesh qumlar quyashtıń nurında altınday jıltırap

turadı. Usılardı kórip, tábiyattıń gózzallıǵına ábden súysineseń. Usı jerde bir jaynap-jasnap dem alǵıń keledi.

Bul jerge jaqın bir awıl bar. Usı awılda Erkebay degen on jasar bala turadı. Biziń gúrrińimiz de áne, sol bala haqqında. Onı hámme «erke» dep ataydı. Durıs, erkeshiligi bar. Aqırı, ol úyindegi eń genjesi-dá! Awqat jese, tańlap jeydi. Aytqanı bolmasa, jer tepsinip jılaydı. Úyindegi úlken atasın menshiklep alǵan. Óziniń aytqanı bolmasa, dárhal atasın ortaǵa saladı. Biraq, báribir onıń erke ekenine tek sol úlken atası hesh isenbeydi.

Erkebaydıń kári - «Qaratereń»niń boyına barıp, qarmaq salıw. Balıq tutpasa da, ol sonı úlken maba biledi.

Bir kúni ol atası menen qoy-qozıların baǵıp júrip, toǵaydı araladı. Toǵayda qızıq kóp. Quslar patırlap ushadı. Qarasań, qanatları menen kókti sızıp baratırǵanday. Jiyde-jigildikler tamıljıp tur. Ásirese, torańǵıllar kóp. Olardan ushqan úpildirikler misli qar jawıp atırǵan payıttı esletedi. Geybir jerleriniń qalıńlıǵı sonday, hátte quyashtıń kózi de kórinbeydi. Áne, olar ıssıda usınday jerlerdi panalap, úyden alıp shıqqan azıqların ortaǵa qoyıp, ot jaǵıp, chay qaynatıp ishedi. Íqlası menen sayraǵan hár túrli quslardıń jaǵımlı sesleri esitiledi. Hár qus sayraǵan sayın «bul qaysı qustıń dawısı, ata?» dep atasın qayta-qayta sorawǵa tutadı.

— Búlbil ǵoy balam, — deydi atası. Jáne bir jaqlardan toqıldı esitiledi. «Bul ne toqıldı?» deydi jáne.

— Toqıldawıq degen qus ǵoy, balam. Ol aǵashlardıń arasınan qurt izleydi. Tumsıǵı menen aǵashtı toqıldatıp uradı. Áne soń onı hámme toqıldawıq dep ataǵan, — deydi atası.

Ol atası talay ret erteklerinde aytıp bergen quyrıqları mıń asar túlkini de, salpı qulaq qoyandı da, qasqırdı da kórdi. Onıń sol haywanlar menen doslasqısı keldi. Tap mazalı konfetalardı jep, chay iship otırǵanda olardıń birewi kele ǵoysa, konfetalarınan bere qoyajaq.

Soń Erkebaydıń jalǵız ózi toǵaydı aralap júretuǵın boldı.

Ol tek toǵaydıń qalıń jerinen hám aǵashlardıń kútpegende shatırlap sınıwınan ǵana qorqtı. Biraq, ol toǵaydı saqlıq penen, ózine úlken isenim menen aralaydı. Aralamasada bolar edi. Lekin, tábiyattıń gózzallıǵına kútá súysinedi. Torańǵıldıń sayasında jatıp alıp, quslardıń hár qıylı namalarǵá salıp sayraǵanların tıńlaydı. Yamasa, torańǵıldıń basına órmelep alıp, uzaq-uzaqlarǵa qumaralana qaraydı. Usı waqıtta ol dúrligip ushqan quslardı da, jortıp baratırǵan qasqırlardı da kóredi.

Bir kúni torańǵıldıń basında otırsa, awıldaǵı Tájibay da toǵaydı aralap júr eken. Onıń kórinisi júdá qorqınıshlı edi. Sebebi, iynine mıltıǵın asınıp alǵan. Izinde iyti. Dáslep, Erkebay hayran boldı. «Tájibay aǵa ne qılıp júr eken? Qoyan awlap júrgen shıǵar?» dep oyladı. Hám sol waqıtta Tájibay birden patırlap ushqan qırǵawıldı gózlep, atıp jiberdi. Toǵaydıń ishi jańǵırıp ketti. Hátteki, kózleri jıltıraǵan kesirtkelerge deyin inlerine tıǵılıp, zım-ǵayıp boldı. Biyshara qırǵawıl azdan soń jerge jalp ete qaldı. Qırǵawıl bolǵanda qanday! Párleri quyashtıń nurında gúmistey jıltıraydı. Tájibay qaltasınan shaqqısın alıp, onıń tamaǵınan tartıp jibergeni, Erkebay «Jawız»! dep baqırıp jiberdi. Torańǵıldıń basınan qalayınsha jerge sekirip túskenin bilmey qaldı. Tájibay betke shıbınday ushtı.

— Haw, Erke, senbiseń? Ne qılıp júrseń? Adasıp qaldıń ba? — dedi Tájibay shaqqısın qaltasına salıp atırıp.

— ...

Erkebay qanı sorǵalap atırǵan qırǵawıldı qattı ayadı. Birese Tájibayǵa, birese qırǵawılǵa qaradı.

— Nege?... Nege óltirdiń? — dedi ol dawısı qaltırap. Júregi bir nárseden qorqqanday dúrs-dúrs soǵıp, ǵázebi qaynap ketti.

— Wáy, balam-áy, qırǵawıldıń mazasın tatpaǵan balasań ǵoy! Má, sen-aq al! Atańa apar. Bir quwanıp qalsın!

— Yaq! Kerek emes!... Jawız! Ket! Ket bul jerden! Toǵay meniki!...

— Wa-ha-ha! Ne deydi mına júwernemek?! — Tájibaydıń mısqıllı kúlkisi Erkebaydıń denesin túrshiktirip jiberdi.

— Ele sen mınaw jerdi de, aspandı da meniki derseń?!

— Awa, meniki!

— Men seni qırǵawıldın góshin jey ǵoysın desem, háddińnen asasań-á. Paydasın bilmegen gódek!...

...Usı waqıya Erkebaydıń esinen bir eli ketpedi. Bir neshe kúnge shekem qırǵawıldıń «jalp» ete qalǵanı, qolına mıltıq uslaǵan Tájibaydıń jawızlıq kelbeti qayta-qayta kóz aldına kele berdi. Sonnan berli Tájibaydı kórse, teris qaraydı. Erke bolsa da onıń menen sálemi dúziw edi. «Assalawma áleykum» dep qos qolın sozatuǵın bala usı waqıyadan soń birotala qırsıqtı.

— Men bajban bolaman, — deydi ol hár saparı atasına. — Quslardı, haywanlardı, toǵaydı baǵaman, hesh kimge atqızbayman.

— Niyetińnen aynalayın, — deydi atası basınan sıypap. — Toǵay — xalıq baylıǵı. Onı qorǵaw, ǵamxorlıq etiw kerek. Geypara toǵaylar qarawsız qalıp atır. Olardı hár qıylı daraqlar egip, kórkeytiw ornına joq etip atır.

Daraqlar deysiz be? Men úlkeysem, álbette, egemen.

— Meniń balam aqıllı-aw! Kim seni erke degen?! Biyday ósirseń bir jıl, daraq shanıshsań on jıl, al haqıyqıy el perzentin ósirseń xalıq seni júz jıl awzına alıp júredi. Men quwanıshlıman. Haqıyqıy xalıq perzentin ósirip atır ekenmen, — dedi atası kózlerine eriksiz jas alıp.

Erkebaydıń tezirek úlkeyip, atasınıń aytqanınday daraqlar egip, toǵaydı kórkeytkisi kelip ketti...

## Keshirim

*(gúrriń)*

Dúysenbay azanda ájaǵası menen awıldıń balalarına qosılıp oynap ketti. Dem alıs kúnleri bolǵanlıqtan esi-dárti oyın.

Onıń ústine qısqı dem asıstıń óz aldına qızıǵı bar. Awıldıń balaları menen toparlasıp, muz tebeseń, shana aydaysań. Qarqız, Qarbabalar soǵasań...

Usınday qızıqlı oyınlardan soń Dúysenbay úyine kesh oraldı. Anıǵı, onı ájaǵası súyep, zordan alıp keldi. «Ne bolıp qaldı eken» dep qarap edi, eki kózi de ashılmaydı. Qanday da bir nárse eki kózin bet aldı menen qosa jaralap ketken. Qan sorǵalap tur.

— Oy-boy, balam, bir ólimnen qalıpsań ǵoy. Ne bolǵan bet aldıńa?... Jańabay, mına úkeńe ne boldı, tóbelestińiz be? — dedi anası taqatsızlanıp.

— ...

— Áy, júwernemek, aytasań ba, joq pa?

— Ol... oǵan.

— Tilińdi jutqır, aytasań ba deymen? Mınanı tez emlewxanaǵa aparıw kerek. Bar, ájapańa juwır, «tez járdem» shaqırsın, — dedi jáne anası kúyip-pisip.

Shının aytqanda, Jańabay da úkesine ne bolǵanın sezbey qaldı. Ol tek birden balalar jaǵıp otırǵan gúlxannıń arasınan «pańq» etip atılıp, bir nárselerdiń pıtıraday shashırap ketkenin, soń úkesiniń «way, kózim!» dep baqırıp jibergenin ǵana sezip qaldı. «Ne bolsa da, sonnan boldı» — dep uyǵardı ol. Biraq, onıń ne nárse ekenin ańǵarmadı.

«Tez járdem» mashinası da tez arada kele qoymadı. Dúysenbaydıń apası ele kúyip-pisip atır:

— Áne, adamnıń tilin almasańız usınday boladı. Azannan qara keshke shekem de oyın bolıp pa? «Oynaqlaǵan ot basar» degen usı...

«Tez járdem» awıldıń ortasındaǵı orpań joldıń shańın aspanǵa kóterip, zuwlap jetip keldi. Bul waqıtta awıldıń balaları da onıń dógeregine jıynalıp qalǵan edi. Olar bolǵan waqıyadan hayran. Hesh qaysısı da bir-birine gúna taǵa almaydı. Biraq, olardıń ishinde jalǵız Uzaq ǵana joq edi.

Aradan kúnler ótti. Dúysenbay emleniwge Nókiske alıp kelindi. Tashkentten de shıpakerler kelip, tekserip kórdi.

Olardıń aytıwına qarağanda, kózlerinen pıtıra shıqqan. Bir kózin emlewge múmkinshilik bar, al ekinshisiniń jarası awır qusaydı.

Bulardı esitken anası qansha jıladı, qansha qıynaldı. Ana degen bayğus balasınıń awırğanına ózi awırğannan beter bolatuğın ádeti ğoy. Kúnde Nókiske qatnap, eki ortada kórgen qıyınshılığın aytpaysań ba?

Aradan aylar ótti. Dúysenbaydıń bir kózi táwir boldı. Usınıń ózine-aq anası ne degen quwandı. Onı til menen jetkeriw qıyın edi.

Bir kúni kútpegende Uzaq apasın ertip Dúysenbaydı kóriwge keldi. Sózin qalay basların bilmey, biraz waqıt lal bolıp turdı.

— Dúysenbay, jora, sen meni keshir. Ilajı bolsa keshir. Ótinip sorayman. Barlıq ayıp mende!... Seni kózińnen ayırğan men. Sonda qolımda pisen bar edi. Men onı oylamay, qızıq ushın otqa taslap jiberippen... Bolar is boldı. Biraq, sen meni keshir. Ayıbımdı moynıma alaman, — dedi ol birazdan soń Dúysenbaydıń kózlerine tik baga almay.

— Awa, Dúysenbay balam, mına jorańdı keshiregór, óziń bileseń, bul bir júrgen urmıqqır. Ákesi mıltığınıń bir oğın joytıp, soń barlıq bále usınnan shığıp júrgenin bildik. Ásirese, kózińnen pıtıra shıqtı degennen soń... Bizler buğan qansha azap bermedik, balam. Aqırı, mine keshirim sorayın dep kelip turğanım. Seniń jağdayıńdı da túsinemen. Sen heshkimge zıyanıń joq, minayım balasań. Seniń ornıńda mına jerjutqır nege jatpaydı, — dedi Uzaqtıń apası qamsığıp.

— Yaqshı, apa, jılama. Áytewir betim berman qaradı ğoy.

Uzaqtı da keshirdim.

Uzaqtıń apasınıń júzi birden jadırap sala berdi. Quwanğannan Dúysenbaydıń betinen shorp etkizip súyip aldı.

Ele basın tómen alıp, muńayıp turğan Uzaqqa:

— Uzaq, beri kel, qáne, qolıńdı ber, — dedi Dúysenbay kátten ásten basın kóterip.

Olar «sharp» etkizip qol alıstı. Hám kúni menen «keshirmeydi-aw» dep turǵan gúmilji pikiri joqqa shıqqan Uzaq, quwanǵanınan Dúysenbaydı qapsıra qushaqladı. Kózlerinen eriksiz jas tamshıladı.

— Bárinen beter moynıńa alǵan mártligińe qayılman. Bizler ele usı waqıtqa deyin bul waqıyanıń sebepshisin bilmeytuǵın edik.

Bárin men ózimnen, balalıǵımnan kórdim. Apam da solay. Aqırı heshkimge jala jaba almaysań ǵoy.

Bulardıń gápin tıńlap turǵan Uzaqtıń apası «Balamısań degen usı dá» dep basın shayqap kúlip qoydı.

Olar ekewi bolsa ájik-gújik sóylesip atır.

— Shıpakerler tez arada shıǵaramız deydi. Jaqında awılǵa qaytaman, — dedi Dúysenbay kózlerinde kúlki oynap.

— Júdá jaqsı, jora. Tez sawalıp ket...

— Yaqshı, balam, bizler qaytayıq, — dep Uzaqtıń apası olardıń áńgimesin bóldi. — Sen bar gápti apańa da ayt. Jasırıp ne qılamız. Awılǵa barǵannan soń ózim de aytaman, keshirim sorayman, — dedi Uzaqtıń apası.

— Joq, apa, onı aytıp járiya etpey-aq qoyayıq. Bul sır tek ózlerimizdiń aramızda qalsın, — dedi Dúysenbay oylı tigilip.

Uzaqtıń apası bunday juwaptı kútpegen edi. Aqılı hayran boldı.

— Haw, balam, anadan da sır saqlaw múmkin be? Bizge keshiriwińniń ózi-aq jetip atır ǵoy, — dedi Uzaqtıń apası kózlerine jas alıp.

Bir neshe kúnnen soń Dúysenbay awılına oraldı. Onı awılında birinshi kútip alǵan da Uzaq boldı. Bir kózi menen burınǵıday kóre almaydı. Dáslepki kúnleri kitap oqısa da, jazsa da biraz qıynaldı. Soń oǵan da kónligip ketti.

Uzaq penen Dúysenbaydıń arasındaǵı doslıq burınǵıdan da artpasa, kemimedi. Dúysenbay bayaǵı waqıyanı kókireginde dıq tutpadı. Tek olar bul máselede ózleriniń balalıǵın ǵana ayıplar edi.

## Layka qaytıp keldi
*(bolǵan waqıya)*

— Layka-a-a! Layka-a-a!

Segiz jasar Gúlmannıń dawısı pútkil awıldı jańǵırtıp jiberdi. Lekin, kúnde bir shaqırǵannan quyrıǵın bılǵańlatıp, erkelep, shapqılap jetip keletuǵın Layka hesh jerde kórinbedi. Ol jáne úsh-tórt mártebe shaqırdı. Tım-tırıs.

Gúlman eriksiz qamsıǵıp, sıńsıwı menen atasınıń aldına bardı.

— Ata, Layka joǵalıp ketipti, — dedi de, ol atasın qushaqlap, óksip-óksip jılap jiberdi.

— Qoy, jılama balam, Layka álbette tabıladı. Ol seni taslap hesh qayda ketpeydi. Basqa iytlerge qosılıp bir jerlerde júrgen shıǵar, — dep atası aqlıǵınıń basınan sıypalap, onı jubatpaqshı boldı.

— Yaq, ata, ol hesh jaqqa ketpeytuǵın edi. Ketse de tez ayalanıp keletuǵın edi ǵoy. Sonday aqıllı iyt! Joq múmkin emes, ata, múmkin emes! — dep Gúlman Laykanıń qaytıp keletuǵınına isenbedi. Onıń júregi álle bir nárselerden qáweterlenip turǵanday edi. Hátte, qıyalınan Laykanı birewler óltirip qoymadı ma eken, degen piker de ótti. Biraq, negedur bul pikirinen tez qayttı. Bálkim óziniń bawır basıp qalǵan dostın ólimge qıyǵısı kelmegen shıǵar.

Layka aqıllı, adam balasına tiymeytuǵın, awıldaǵı eń jaqsı iyt edi. Onı Gúlman kózin ashar-ashpas kúshik gezinen baslap álpeshlep saqlap edi. Atası oǵan suwıqta tońıp qalmasın dep ketek dúzetip berdi. Mudamı Gúlmannıń álpeshlewinde ósken Layka oǵan júdá bawır basıp, dos bolıp qalǵan edi. Oqıwǵa barsa kúnde izine erip, sabaq pitkenshe mekteptiń aldında kútip jatqanı. Onı atası ekewi ańǵa da úyretken. Atasınıń qońır atına mińgesip, izine Laykanı ertip, ańǵa shıǵadı. Eger de atasınıń qasında Gúlman bolmasa, onda Layka da izine ermeydi. Ol sonday shaqqan, juwırǵısh. Kóringen ańdı almay qoymaydı.

Bir kúni awılda mınaday waqıya boldı. Kúpá-kúndiz Qalbay murap degen ǵarrınıń háreminde jayılıp júrgen tawıqlarınıń birewin saǵal alıp qashadı. Onı mektepten Gúlman menen kiyatırǵan Layka kórip qalıp, izinen quwa ketedi. Gúlman da olardıń izinen qalmay juwıra beredi. Biraq, aqırında jaqın jerdegi kishkene toǵaylıqtıń ishine kirip ketkende, Gúlman olardan adasıp qaladı. Juwıra-juwıra sharshap, ne qıların bilmey hayran bolıp otırǵanda, tawıqtı qanatınan tislep alıp kiyatırǵan Laykanı kóredi. Iyttiń moynınıń azmaz jerinen qan aǵıp tur. Shaması, saǵal menen qattı ayqasqa túskenge uqsaydı.

Gúlman tawıqtı qoltıqlap, Qalbay muraptıń úyine ákelip berdi. Qalbay murap saǵaldı Laykanıń quwıp ketkenin de sırtınan kórgen eken. Ol Gúlmanǵa hám Laykaǵa qayta-qayta raxmetin ayttı.

Mine, sonnan berli awıldıń adamları Laykanı júdá jaqsı kóretuǵın boldı. Sol pútin awıl bolıp jaqsı kóretuǵın Layka búgin negedur joǵalıp ketti. Bul nárse Gúlmanda uwayımdı, qapashılıqtı payda etti. Ol Laykanı kórmey hesh nársege qolı barmadı. Hesh nárse de onı qızıqtıra almadı da. Ya awqat iship, ya tınıǵıp uyqılay almadı. Pútin awıldı sharlap, gezip te shıqtı. Biraq, bir de kórdim degen adam bolmadı. Buǵan atası da qosılıp, ol da sol ájayıp iytti oyladı. Sebebi, ol da Laykanı jaqsı kórer edi. Aradan bir háptege shamalas waqıt ótti. Biraq, Gúlman Laykadan hesh qanday gúder úze almadı. Jatsa da, tursa da kóz aldında quyrıǵın bılǵańlatıp, súykenip, shapshıp, erkelep oynaytuǵın ájayıp iyti turdı.

Tún jarısınan awa bergen waqıt. Iytinen gúder úze almay uyqısı qashqan Gúlman pátikke qadalǵan kúyi oy ústinde jatır. Kózin jumsa, kózleri jıltırap Layka kórinedi.

Oylay-oylay kóz ildirgende ol qanday da bir nárseden shorshıp, ornınan ırǵıp turdı.

— Ata, háy ata! Tur, tez! Sırtta Laykanı bir qorqınıshlı haywan talap atır! — dedi hawlıǵıp.

— Jaq, balam, saǵan solay kóringen shıǵar. Qáne jat,

uyqıla! Meniń de dıqqatım sırtta, — dedi atası aqlıǵın ornına qaytadan jatqarıp atırıp.

— Seniń júregińniń bir nárseni sezip turǵanın bilemen. Ózim de búgin túnde qalayda kelip qalar, dep jatırman. Ólmese bir jaǵınan álbette shıǵadı, balam, — dedi atası da ornına jatıp atırıp.

Gúlman qurıldap uyqıǵa ketti. Atası aqlıǵınıń hátte haywanǵa bolǵan muhabbatına súysinip, «keleshekte álbette miyirman, sap hújdanlı perzent bolıp jetilisedi» dep qoydı ishinen...

— Gúlman, há Gúlman! Endi keldi deseń bir gáp. Áne, tıńla! Íńırsıp atır, — dedi atası aqlıǵın shayqap oyatıp.

Gúlman qansha qattı uyıqlasa da, Laykanı aytqanda ornınan shapshıp turǵanın ózi de sezbey qaldı.

Olar sırtqa shıǵıp, jáne qulaqların túrip tıńladı... Ketektiń túbinde ıńırsıǵan dawıs jáne qayatalandı. Gúlman juwırıp barıp, Laykanı qushaqladı. Saǵınıshtan onıń kózlerinen eriksiz jas tamshıladı. Laykanıń kózinde de jas bar edi. Sebebi, onıń artqı oń ayaǵında qaqpan bar eken. Qaqpandı uzaq jerlerden súyretip kelgenligi belgili bolıp tur. Óytkeni, ayaǵı qıyılıw qáwpinde eken.

Gúlman bunı kórip: «saǵan ne bolǵan Layka, sen meni taslap hesh qayda ketepeytuǵın ediń-ǵoy!... Bul qaqpanǵa sen emes, saǵallar túsiwi kerek edi. Sen olardan aldanıp qalǵansań! Ań gódek!» — dep iytiniń moynınan qushaqlay berdi.

## Kókkóz, Qarakóz hám Úndemes

*(gúrriń)*

Erkegúldiń bir emes, úsh quwırshaǵı bar. Ol úshewine de at qoyıp aldı. Birinshisi — Kókkóz. Ol kózi kók, shashlı sarı quwırshaq. Ekinshisi — Qarakóz. Onıń kózi de, shashı da qara. Olar ekewi de «mama» dep sóyley aladı. Úshinshisi —Úndemes. Onıń kózi kók, shashı buyra. Hesh sóylemeydi. Tek qabaǵın úyip, kózin baqıraytıp, tura beredi.

Bir kúni Erkegúl qıyqań shıǵardı.

— Apa, shokolad jeymen, — dedi.

— Yaqshı, qızım, erteń ákelip bereyin, — dedi apası.

— Yaq! Házir jeymen, — dedi Erkegúl tepsinip.

— Kesh bolıp qaldı, qayaqtan tabaman, — dedi apası.

— Tabasań... Bolmasa quwırshaq ákelip ber!

— Quwırshaq! Sonsha quwırshaqtı ne qılasań?

— Kerek!

— Bir emes, úsh quwırshaǵıń bar. Bárin buzıp taslaǵansań. Oyınshıq ákelsem, buza bereseń...

— Buzaman! Bárin buzaman! Aytqanım bolmasa buza beremen, buza beremen! — dedi Erkegúl hám oyınshıqların birim-birim esikke qaray ılaqtırdı.

Anasınıń qattı ashıwı keldi.

— Buz, qáne! Men de seniń mańlayıńdı buzayın! — dep jekirindi hám Erkegúldiń shekesine eki shappat urdı.

Erkegúl jılap-jılap, aqırı jatqan jerinde uyqılap ketti. Tús kórdi. Túsine Qaraкóz, Kókkóz hám Úndemes endi. Qarasa, birewiniń ayaqları, ekinshisiniń qolları, úshinshisiniń bası joq. Olar Erkegúlge dápindi:

— Sen nege meniń qollarımdı julasań?

— Sen nege meniń basımdı julıp aldıń?

— Sen nege meniń ayaqlarımdı juldıń? — dedi aybat etip.

Erkegúl qashıwǵa háreket etti. Biraq, quwırshaqlar kes-keslep, onı qorshap aldı.

— Qarakóz, sen oń jaǵınan, Úndemes, sen sol jaǵınan, men ortadan barayın. Bekkem uslań. Dáslep ayaqların julayıq, — dedi Kókkóz. — Qasha almasın!

— Yaq, dáslep basın julayıq, — dedi Úndemes.

— Haw, Úndemes, tiliń shıǵıp qalıptı ǵoy. Dım jawız ekenseń. Basın julayıǵıń ne? Ne bilgeniń ishińde eken dá! — dedi Erkegúl hawlıǵıp.

— Kókkóz, Qarakóz nege awızlarıńız ashılıp qaldı? Qáne, uslań! — dedi Úndemes buyırıp.

Quwırshaqlar Erkegúldi bekkem uslap aldı. Birewi ayaqlarına, ekinshisi qollarına, úshinshisi basına asıldı.

— Jiber, jiber deymen! Házir kózlerińizdi oyaman! — dep jekirindi Erkegúl.

— Jibermeymiz!!! Onnansha ayt, erkeligińdi qoyasań ba?

— Shokolad dep qıńırlıq qılasań ba?

— Bizlerdiń ayaq-qollarımızdı julasań ba? — dep julqıy basladı.

— Yaq! Yaq! Yaq!

Erkegúl usılayınsha qattı baqırıp jiberdi hám birden oyanıp ketti. Qarasa, ózinen ózi tepsinip, julqınıp atırǵan eken. Onı kórgen anası qasına juwırıp keldi.

— Qızım, ne boldı saǵan? Jaman tús kórdiń be? Aytqanday, saǵan aǵań shokolad...

— Yaq! Kerek emes! Jemeymen! Endi meni erketayım deseńiz... aytpań, yaqshı ma? — dedi de Erkegúl ornınan turıp, quwırshaqların qolına aldı.

— Quwırshaqlarım, meni keshiriń. Házir ayaqlarıńızdı ornına salıp qoyaman. Úndemes, seniń basıńdı da salaman, yaqshı ma? Appaǵım, meniń appaq quwırshaqlarım, — dep olardı birim-birim bawırına basıp, betlerinen súydi.

## Júrek sheshimi

*(bolǵan waqıya)*

Meniń atıma mına mazmundaǵı bir xat keldi.

«Húrmetli Yaqıpbay aǵa! Men ádebiyatqa, ásirese, gúrriń, qosıq jazıwǵa qızıǵaman. Biraq, jazǵan qosıq, gúrrińlerim ele baspasózde járiyalnıp kórgen joq. Mine, sizge «Doslıqtıń kúshi» atlı tuńǵısh gúrrińimdi jollap otırman. Oqıp kóriń. Jarap qalar. Yaki óz pikirińizdi aytıp, xat jollarsız?

Meniń mánzilim: Qońırat rayonı. 11-sanlı orta mektep. 9-klass. Raya Xojametova yamasa Elenora Ivanovnaǵa deseńiz de boladı».

Men Rayanıń jollaǵan gúrrińin oqıp shıqtım. Rasında da, onıń gúrriń jazıwǵa ıqlası, talantınıń bar ekenligin sezdim. Azǵantay qayta islewler menen bul gúrrińdi gazetamızda járiyaladıq. Biraq, bizdi oylandırǵan hám qızıqtırǵan nárse, ekinshi másele boldı. Sebebi, kórip turǵanıńızday, onıń atı Raya, sonıń menen birge ekinshi atı Elenora edi. Men Rayaǵa bul sırdı bilmekshi bolıp xat jazdım. Ol maǵan Esentukiden anasına jollaǵan mına bir xatın jiberipti.

«Assalawma áleykum, anajanım! Sen meni keshir. Bálkim, men aldıńda ayıplı da emes shıǵarman. Biraq, ózimdi kútá ayıplı sezemen. Bul ayıbımdı qalay juwarımdı da bilmeymen. Aqırı, seniń bergen aq sútińdi aqlay almay kettim. «Balam, anań menen kete ber» degeninde: «yaq», dep taban tirep alsam da, tıńlamadıń. Aqırı, onıń izine erip kettim. Endi bolsa nege ergenime ókinemen.

Esińde me, apa, men ol gezleri 3-klass edim. Maǵan álle bir belgisiz birewden ayma-ay posılka kelip turar edi. (Awa, ol adam men ushın belgisiz edi). Posılkanıń ishinde sup-sulıw kiyim-kenshekler bolar, al olardıń bári ne ushın maǵan tiyisli ekenine hesh túsine almas edim. Al, sennen mánisin bir saparı soraǵanımda:

— Seniń balalar baqshasındaǵı bayaǵı tárbiyashı apań ǵoy!

Esińde me, seni kútá jaqsı kórer edi? Biraq, ol házir Rossiyaǵa turmısqa shıǵıp ketti. Sol saǵan posılka jiberip turadı, — dediń kúlimsirep. Men sonda sol mehriban tárbiyashımdı eslemekshi boldım. Biraq, esley almadım.

— Sen onda kishkentay ediń qızım, — dediń taǵı kúlip.

Sol posılka jiberip turǵan tuwǵan anam ekenin, ózimniń rus qızı ekenimdi kesh bildim. Biraq, ne ilaj? Aradan kóp jıllar ótip ketti ǵoy...

Bul sır qalay ashıldı dersiz? Álbette, kútilmegende. Men sol kúndi elege shekem sátsiz kún dep esaplayman. Ájapam Rita mámleketlik imtixanǵa tayarlanıp atır edi. Men negedur



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
87008

onıń qasınan shıqpay ananı-mınanı sóylep, kesent ete berdim. Ol:

— Bar, dalaǵa shıǵıp oyna! Bara ǵoy, aynalayın, sen jaqsı qızsań, — dese de tıńlamadım. Soń kóyleklerimdi kórsetip maqtandım.

— Sizlerdi tárbiyashıńız jaman kóredi eken. Meni bolsa jaqsı kóredi. Mine, elege shekem kiyimler jiberip tur, — dedim onıń ashıwına tiyip.

Rita ornınan ashıw menen ırǵıp turdı da:

— Ol seniń tárbiyashıń emes! Al, seni tuwıp, taslap ketken anań! Sen rus qızısań. Biziń úyge ógeyseń, ógey! Bildiń be? Bar endi, ket, kózime kórinbe, — dep jekirindi.

Men soń Ritanıń sózlerine isenbey, saǵan juwırıp keldim. Apa, esińde me? Moynıńa asılıp óksip-óksip jılaǵanlarım. Sonda seniń kózińe de jas úyirilip, biraq onı mennen jasırıp, Rita otırǵan bólmege kirip kettiń.

— Nege onday dediń? Ele ol kishkentay ǵoy. Úlkeygennen keyin de aytıp úlgeremiz. Biysharanıń júregin bunsha ezbesen-o! Ol ata-anasınıń qáteligi ushın ayıplı emes! Rus qızı ekeni ras. Biraq, tuwıw úyinen ákelgenimde tuwısqanıńızday kórip edińiz, — degen hóktem dawısıńdı esitsem de, óz qulaǵıma isenbes edim.

— Joq! Isenbeymen! Meniń anam birew. Ol da bolsa tek sen! Men qaraqalpaq qızıman. Múmkin emes, — dep baqırıwım menen sırtqa qaray atıldım.

Soń seniń moynıńnan qushaqlap, jáne uzaq jıladım. Bawırıńa tıǵılıp, qushaǵımdı jazdırmadım. Misli sol miyrimsiz anam kelip, meni alıp ketetuǵınday edi maǵan. Durıs, meniń onı miyrimsiz dep aytıwǵa da haqım joq. Bálkim, ol bul qáteligine ómiri boyı ókinetuǵın shıǵar. Miyrimsiz bolǵanda maǵan ayma-ay posılka jiberer me edi? Biraq, báribir onı aqlaǵım kelmeydi. Nege ekenin ózim de bilmeymen.

— Apa, esińde me, bir kúni Xojelige barıp jılap qaytqanım. Heshkim menen sóylespey, awqat ta jemey, ókpelep jatqanım. Sonda avtobusta eki ǵarrı meniń zeynime tiydi. Birewi saat

soradı. Ekinshisi: «Qara, ana qızdıń qolında saat bar eken. Sonnan soray ǵoy», — dep meni kórsetti. Ol ǵarrı meniń betime úńilip turdı da:

— Haw, ol qız ózi rus pa deymen. Shashların, kózlerin qaray ǵoy, — dep tańlanıp qaldı.

Men waqıttı ayttım. Eki ǵarrı jáne állenelerdi sıbırlasıp, betime tigildi.

— Qaraǵım, milletiń ne? — dedi birewi.

— Qaraqalpaqpan, — dedim múlayım túrde.

— Bálkim, anań rus shıǵar? Ya tatar ma?

Ǵarrılardıń mına sózleri meniń jeti júyremnen ótti. Tula bedenim silkinip ketti.

— Joq, qátelesesiz. Anam da qaraqalpaq, — dedim jılap jiberiwden sál qalıp.

Sol kúngi jılaǵanlarım ele esimde. Sen kelip neshshe mártebe ne bolǵanın soradıń. Biraq, men aytpadım.

Kóp uzamay sen Lyudmila Mixaylovnadan telegramma aldıń. Ol kelesi háptede keletuǵının aytıptı. Soń anam kelgen kúnleri meniń kózlerimnen hesh jas tamshıları ayırılmay-aq qoydı. Onıń bunshama miyrimsiz ekenligin, usınday miyrimsiz hayaldıń qızı ekenimdi oylayman da, kóz jaslarıma erik beremen.

Lyudmila Mixaylovna Esentukige qaytarda sen meni onıń izine erttiń. Men: «Qaytpayman, qıp-qızıl shaqa gezimde ayamay taslap ketken ana endi úlkeyip, esimdi bilgende iyelik etejaq pa?! Usı jerde — Qońıratta tuwıldım. Usı jerde qalaman. Meni aq sút berip kamalǵa keltirgen ana usı jerde jasaydı. Bawır basqan doslarım kóp. Awa, hesh qayda barmayman, — dep qanshama jıladım.

Biraq sen:

— Shıraǵım, nege olay deyseń, ne degen menen ol seniń tuwǵan anań. Erteń úlkeygende, erjetkende báribir onı izleyseń, — dediń dawısıń qaltırap.

Men seniń sózińnen shıqpadım. Awa, seniń bir awız sózińdi sıyladım. Onıń menen Esentukige kettim. Mine,

házir bul jerde úydiń aynasınan hár kúni jolǵa qarayman. Qıyalıma sen keletuǵındaysań, qımbatlı anam! Men saǵan xat jazar ekenmen, onı sıya menen emes, al saǵınıshtan aqqan kóz jaslarım menen jazıp atırǵandayman. Bul jerde meniń familiyamdı da ózgertti. Aytqanday, erteń seniń tuwılǵan kúniń. Eliwge tolasań! Tuwılǵan kúniń qutlı bolsın, anajan! Saǵan uzaq ómir tileymen!

Seni kútá saǵındım. Qáne, endi qanatım bolsa, ushıp barsam?! Barıp perzentlik mehir menen júzlerinen súysem. Aq sút bergen kóksińizge basımdı qoyıp, bayaǵı bóbek waqtımdaǵıday pısıldap uyqılasam. Saw bolıń!

Perzentińiz Ivanova Elenora Vasilevna.

Mine, Rayanıń haqıyqatında da rus qızı ekenliginiń sırı usınday! Ol házir Qońırattaǵı anasınıń qolında jasaydı. Jiyi-jiyi Esentukidegi tuwǵan anasınıń úyine qıdırıp baradı. Dem alıs kúnlerin sol jaqta ótkeredi. Bul perzent júreginiń sheshimi edi.

* * *

Raya orta mektepti pitkerdi. Soń universitetti qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni boyınsha pitkerip shıqtı. Sońǵı waqıtları Esentukidegi anası Lyudmila Mixaylovnanıń úyine de barǵandı qoydı. Onıń maǵan mektepti pitkergen soń jazǵan mına xatlarına itibar beriń:» ... Men erjettim. On jetige keldim. Bir kúni Lyudmila Mixaylovna meni birotala alıp ketpekshi boldı. Men qayılshılıq bermedim. Ol Moskva mámleketlik universitetine oqıwǵa kirgizemen dedi. Buǵan da kónbedim. Sonda meni saqlaǵan, aq sút bergen usı jerdegi anam: «Rayanıń ózi biledi» degen edi. Ákem bolsa kútá sabırlılıq etti. Meniń júzime tigilip: «Qızım, sen ne deseń sol. Endi bala emesseń. Sen qanday sheshimge kelseń de, qarsılıǵımız joq» dedi kózi jasawrap. Sonda men sol tuwıp taslap ketken anama qarap: «Endi erjetkende kerek boldım ba? Náreste gezimde qalay kóziń qıyıp taslap kettiń?

Bul úyden mına ákem menen sheshemdi taslap hesh qayda barınayman. Ómirim Qaraqalpaqstanda ótedi» dedim. Soń olar qaytıp kelmedi. Túsinemen, olarǵa da awır bolsa kerek. Biraq, negedur júregim hesh jibimeydi.

«Men haqqında kóp áńgimeler boldı. Birewler maǵan «Rus qızısań» dep batırıp sóz ayttı. Men buǵan jıladım. Sonda ata-anam: «Durıs, rus qızı. Biraq, tuwǵan ballarımnan artıq kóremen» dedi. Awa, men de ádiwli ata-anam, sizlerdi janımnan zıyada kóremen, dep olardıń betlerinen súye berdim.

Awa, meni kamalǵa keltirgen ata-anam aldında qarızım kóp. Solardı aqlaw meniń perzentlik parızım.

Sálem menen Raya»

Qońırat rayonı.

* * *

Aradan jıllar ótti. Men Rayanıń turmıs qurıp, ana bolǵanın esittim hám oǵan: «Húrmetli qarındasım Raya! Endi sen de ana bolıpsań. Ana qádirin bilgen sendey insanǵa, ele seniń perzentleriń de álbette, qádirińe jetedi. Baxıtlı bolıń! — dep xat jolladım.

**Kim ayıplı?**

*(bolǵan waqıya)*

«Húrmetli redakciya! 8-klasta oqıytuǵın bir qızdıń janına qaslıq etkenin esittik. Júregimizdi úlken ayanısh sezimi biyledi. «Ne sebep olay boldı eken?» dep oylanıp qaldıq. Keyin málim bolıwına qaraǵanda, bári ápiwayı nárseden — bir ǵana bılǵarı ton sebepli bolǵan eken. Bunı esitken soń júdá hayran qaldıq. Áytewir nárse ushın da adam óz ómirine qaslıq ete me? Oǵan kim ayıplı eken? Ata-ana ma, yaki bolmasa dosları ma? Bálkim, ózi yamasa muǵallimleri ayıplı shıǵar?»

Sálem menen Sh.Q.

Men usı xattı alıp jolǵa tústim. Rayon emlewxanasına keldim. Emlewxananıń palatalarınıń biriniń aldında appaq shashlı, jası seksennen asqan bir ana otır. Onıń kózlerinde jas, júzindegi ájim sızıqları, búgilgen qáddi onıń qansha qıyınshılıqlardı basınan keshirgenin aytıp turǵanday. Ol kóziniń jasın jawlıǵınıń ushı menen sıpırdı da, qaptalına kelip qalǵan aq xalatlı shıpakerge qarap:

— Balam, aqlıǵımnıń awhalı qalay? — dedi.

Shıpaker kempirdiń mehir tolı kózlerine tik baǵa almay, suwıq demin alıp, onıń qasına otırdı.

— Apa, qızıńızdı alıp qalıwǵa bar kúshimizdi jumsap atırmız. Ózi de ádewir boldırıptı.

— Men kirip kórsem bola ma?

— Boladı. Biraq, onı tınıshsızlandırmań.

Ana ishke kirip kelgende, kátte nursız kózlerin pátikke qadap jatırǵan qızın kórdi. Birden júregi eljirep, qamsıǵa basladı.

— Demek, awhalı awır eken-dá. Solay ma, balam? — dep shıpakerge burıldı.

Shıpaker «awa» degendey basın iyzedi.

— O, bayǵus qızım-aw! Áytewir nárse dep óz janıńa qaslıq etkeniń nesi?!

Awa, haqıyqatında da, bári áytewir nárseden baslanǵan edi. Báriniń sebepshisi ápiwayı ǵana kiyim. Durısıraǵı, bılǵarı ton.

Tús awa bergen waqıt edi. Sárbinaz oqıwdan keldi de, tórgi jayǵa kirip, sheshindi. Gazge chay qoyıp, awqatlanıp aldı. Usı gezleri úyinde ájaǵası da, kempir apası da bar edi. Kútpegende esik qaǵıldı. Bul kelip turǵan pochtalon edi. Ol gazeta-jurnallar menen qosa qızdıń ákesiniń pensiya aqshasın da alıp kelgen. Endi úyde aqshanıń barın kórgen ol: «Maǵan bilǵarı ton alıp beriń» dep shawqım sala basladı. Biraq, onıń aytqanın ájaǵası da, kempir apası da tıńlamadı. Aqırı, úyine iship-jewge azıq-awqat alıwı kerek edi. Basqa zıyat

aqsha bolmaǵan soń ne ilaj! Endi ol ton alıp bermeytuǵınına kózi jetti. Qattı ashıwı keldi. Ózinen-ózi qamsıǵıp jıladı. Óz erkine óziniń kúshi jetpey, ábden tınıshsızlandı. Birese ishke kirdi, birese sırtqa shıqtı. Biraq, onıń menen ájaǵasınıń da, kempir apasınıń da isi bolmadı. Tek ǵana olardıń qıyalın qanday da bir is pitkerip júrgen eken-aw, degen oy bántledi. Soń bilse qız janına qaslıq etipti.

* * *

Usı máselege ózim de juwap izlep Sárbinaz oqıytuǵın mektepke qaray jol aldım. Avtobus bándirgisine kelip, biraz irkildim. Hárqıylı oylar shırmawıǵı eriksiz shırmap baratır.

Avtobusqa mindim de, onıń terezesinen sırtqa qarap, uzaq oylarǵa taldım. Bir gezde meniń bılayraǵımda otırǵan eki aq shashlı ǵarrınıń qattıraq shıqqan dawısı meniń oyımdı bólip jiberdi.

— Kim aytadı usılardı oqıwshı dep?! Islep turǵan isine qara! Avtobustıń ishinde shimishki shaǵıwǵa bolmaydı. Onı ózleri de jaqsı biledi, biraq islegisi kelmeydi. Muǵallimleri de, ata-anaları da talay mártebe aytıp atırǵan shıǵar-aw.

— Ata-anada turǵan ne gáp bar. Olardıń aytatuǵını tek aqıl-násiyat ǵoy. Biraq, biraz balalar onı da tıńlay bermeydi.

Avtobustıń artqı múyeshinde sumkaların asınıp, shimishkini árqayın shaǵıp, turǵan jerine túkirip kiyatırǵan eki qızǵa kózim tústi. Olar 8 — 9-klass oqıwshıları edi. Kózim bárinen beter, birinshi ret, olardıń ústindegi jıltıraq sımlı kóylekke tústi. Ekewiniń bileginde de saat. Qulaqlarında altın sırǵa. Shashların shontıytıp kesip taslaǵan.

— Ana qara, ústilerine qımbat bahalı kiyimlerdi kiyip alǵan.

— Ata-anasına záwlim salıp aldırǵan dá!

— Sırtı jıltıraǵan menen aqıl-huwshı bolmasa ne payda?

— Ay, zamanlaslar, házirgi jaslarǵa túsinip bolmaydı, — dep aq jawlıqlı, qara torı kempir gápke aralastı. — Olardıń aytqanın orınlamay bir kórshi!?

— Durıs aytadı, — dedi jáne bir ǵarrı qaptaldan qosılıp. — Biziń úyde eki qızımız bar. Kúnde shawqım shıǵaradı. Esi-dárti telefon.

Aqırı bolmadı. Áperip tındıq. Aytqanların islemey kór?! Topıraqqa ot qoyadı. Janına qaslıq etiwden de qaytpaydı. Sol jaǵınan qorqamız.

— Biziń úyde de 9-klass qızımız bar. Ol ne deydi dese, altınnan tis saldıraman, dep hár kúni tepsinedi. Men: temirden, ya súyekten saldır deymen, tıńlaǵısı kelmeydi. Kórdiń be, mushtay qızdıń qıńırlıǵıń.

— Nege endi sizler balalarıńızdıń aytqanın islep, ıǵına jıǵılasız, — dedi kúni menen tım-tırıs otırǵan orta jastaǵı sarı sınlı hayal. — Bizler mektepke qızlarımızdı mektep forması menen, qıdırǵanda ápiwayı shıttan tigilgen kóylekler menen jiberemiz. Jıltırawıq kóylek áper, dep záwlim de salmaydı. Ásten túsindirip aytsań, bárine de túsinedi.

— Qáydem, kelin, bizler balalarımızdı túsindire almay-aq qoydıq. Búgin tıńlasa, erteń joq. Qattıraq baqırǵan, ya urǵan kúni ǵoy... Soramań. Soń báribir jalınıp-jalpayıp atırǵanımız.

— Durıs aytasań, ata. Eń baslısı, ústindegi kiyim emes, al aqıl-esiń, hújdanıń, ar-namısıń jıltırap tursın. Solay emes pe?

— Bárekella, áne, durıs aytılǵan gáp.

Men jáne múyeshte turǵan baǵanaǵı eki qızǵa kóz juwırttım. Qarasam, olar teris burılıp, júzleri qıp-qızıl bolıp turǵan eken.

* * *

Avtobustan tústim de, Sárbinaz oqıytuǵın mektepke keldim. Oqıwshılar tánepiste eken. Birli-yarım muǵallimler de sırtta otır. Tek házir joqarı klaslar oqıp atır ma dep oyladım. Sebebi, barlıǵı úlken jastaǵı balalar edi. Men de anaday jerge barıp, taldıń astındaǵı otırǵıshqa otırdım.

Menıń bas dıqqatım tek qız balalarda. Olardıń ústindegi kiyimlerge birme-bir kóz juwırtıp otırman. Awa, bağanağı avtobustağı ğarrınıń aytqan gápleri durıs eken» dep ózimshe gúbirlenip qoyaman. Mektep formasında júrgen oqıwshılarağa qarağanda, ústine qımbat bahalı kiyimlerdi kiyip alğan oqıwshılar kóp ekeni meni ábden oylandırdı. Demek, birew qımbat bahalı kiyim kiyedi, ekinshi birewdiń oğan shaması jetpeydi. Biraq, basqalardan qalğısı kelmeydi. Onıń da solarday bolıp, jasanıp júrgisi keledi. Nátiyjede, úy ishine záwlim saladı. Birewleri alıp beredi, birewleriniń úyinde kiyimniń ústinde shawqım-súren baslanadı.

Nege endi olay?! Kiyim alıp bermedi, dep usınday islewge bola ma? Bul jerde jáne bir ayta ketetuğın nárse bar. Men onı Sárbinaz oqığan mektepte de ushırattım. Geypara hayal-qız muğallimlerdiń ózleri mektepke jasanıp keledi. Altın sırğa, altın saat, yaki altın júzik tağıp keledi. Álbette, bunı kórgen oqıwshınıń ıqlası soğan awmay turmaydı. Ekinshi jağınan, dıqqat-itibarı da kóbinese sabaqqa emes, sol jıltırawıq zatlarğa qaratıladı.

Mine, qádirli oqıwshılar! Sárbinazdıń ómirindegi baxıtsız hádiyseniń júz beriwiniń tiykargı sebebi neden ekenligin de ańlağan shığarsız? Buğan sizlerdiń pikirińiz qanday? Arańızda qımbat bahalı kiyimlerdi barlıq zattan joqarı qoyatuğın doslarıńız bar ma? Buğan kimler ayıplı dep oylaysız?

### Awıl áńgimeleri

*Temirbek «tisshi»*

Awılımızda Temirbek degen bir ğarrı jasadı. Ol kisiniń islegen isleri, háreketleri oğada kúlkili edi. Ózinshe kóp «jańalıqlardı» oylap tabadı.

Bir kúni awılda kishkene bas qospa bolıptı. Sonda Temirbek ğarrı awzında úsh-tórt tisi bar, ot jewden qalğan ğarrı

eshkisine esheginiń tisin suwırıp alıp salmaqshı ekenligin aytıptı. Biraq, oǵan hesh kim inanbaptı. «Yaqshı, isenbeseńiz qoyıń. Ele hámmeńiz maǵan jalınasız», depti ol. Sóytip, erteńine esheginiń tórt ayaǵın baylap, onıń eki tisin atawız benen suwırıp alıptı. Soń eshkisiniń awzına qaǵıptı. Buǵan shıdamaǵan eshki de, eshek te úsh kúnnen soń ólip qalıptı. Sóytıp, Temirbek ǵarrı eshkiden hám eshekten ayırılıptı. Usı waqıyadan baslap jora-joldasları oǵan Temirbek «tisshi» dep laqap taǵıptı.

## «Bas aman bolsın»

Temirbek «tisshi»niń janlıǵına adasıp bir topar janlıq qosılıptı. Ol da heshkimge aytpay qamap qoya beripti. Aradan bir hápte ótipti. Heshkim izlep kelmepti. Segizinshi kún degende kempirine:

— Kempir, bir ıssı nan jawıp jiber, — depti.

Kempir nan jawıptı. Ǵarrı tandırdan shıqqan ıssı nandı adasıp kelgen janlıqlardıń múyizlerine oraptı. Múyizler ıssı nanǵa balqıp, jibisipti. Temirbek «tisshi» olardıń tik múyizlerin qayıstırıp jatıq, jatıq múyizlerin tik etipti.

Aradan taǵı bir hápte ótipti. Qońsı awıllardıń birinen janlıq joyıtqan adamlar kelipti.

— Kóriń, qosshılarım, qoramda jigirmalaǵan qoy-janlıǵım bar. Iyesi óz malın tanır bolar. Kóriń, jáne ǵapılda qalmań, — depti Temirbek «tisshi».

Janlıq joyıtqanlar bárin birim-birim kórip shıǵıptı.

— Mına birewleri usaydı eken dá, átteń múyizleri — depti basların shayqap. — Biraq, mańlayınıń qasqası, ayaǵınıń, quyrıǵınıń alası bári usaydı eken.

— Bul mal degen, balalarım. Mal túwe adam da bir-birine usaydı, — depti «tisshi».

— Awa-dá, yashullı. Ilaj qansha. Izleymiz, bolmasa?

— Durıs aytasız, balalarım. Mal joq bolsa bolsın, bas aman bolsın, — depti ǵarrı.

## «Ózim soǵıp alaman»

Awılǵa radiolar qurıla baslaǵan waqıt eken. Biziń awılda onlaǵan úyge qurılıptı. Bir kúni radio qurılǵan úylerdiń birinde toy bolıptı. Toyxanada priyomnik jańǵırıp tur eken. Bunı kórgen Temirbek «tisshi» hayran qalıptı. «Ayaǵın ógiz basqanday baqırıp turǵan ne? eken desem, mına mushtay nárse me?», depti onı uslap kórip.

— Awa, ata, — depti tıńlap turǵanlardıń birewi.

— Biziń úylerge nege qurmay ketti eken? Táwir nárse kórinedi ǵoy. Qıshqırıwın qara naysaptıń! Qáne, beri áperós, bir durıslap kórip alayın.

Temirbek ǵarrı priyomnikti árman-berman awdarıp kóripti.

— Astawpıralla, astawpıralla! Áytewir-aq nárse eken ǵoy, qurıp bermese qoysın, ózim-aq aǵashtan soǵıp alaman, — depti.

Temirbek «tisshi» úyine kelipti de, priyomnik soǵıptı. Shınında da, sırtqı kórinisi dál ózi bolıptı. Ishine sımlardı ayqush-uyqush etip oraptı. Qáne, endi sóylemegenin kóreyinshi!

Eki sımdı oǵan jalǵap, ushın tok ornatılǵan ústinge baylaptı. Biraq, hesh dıbıs shıqpaptı. «Sóyle, seni húkimettikinen kem etip qoyǵanım joq» dep tóbesine judırıqlay beripti. Judırıqqa shıdamaǵan «priyomnik» sınıp ketipti.

## «Oynap aytıp edim»

Qıstıń kúni eken. Temirbek ǵarrı malların izeykeshten muzdan ótkerip, arǵı júzine jiberedi eken. Bir kúni kún jıllılaw bolǵan ba, muz biraz juqarıptı. Malların aydap jańa túse bergende, muz azǵana shatırlaǵan qusaydı. «O, alla, usıdan aman ótsem, bir sıyırımdı soyıp, sadaqa berer edim», depti gúbirlenip. Muz hár jer, hár jerden jarılıptı. Shetke jaqınlaǵan gezde:

— Áne, qudaydı da aldap-suwlap bergi júzge jetip aldıq, — depti tağı sóylenip. Sol waqta muz birden oyılıp ketipti. Bir sıyırınıń artqı ayağı batpaqqa kiripti.

— Ya toba, quday bárine túsinedi desek, házilleskendi bilmeydi eken-aw! Oynap aytıp atırman. Ási bolsam qayttım, — depti jağasın uslap.

### Kim birinshi barsa...

Temirbek «tisshi»niń bala waqtında «tentek» degen laqabı da bolğan eken. Bir kúni joraları menen oynap júrip, olar menen básekilesip qalğan.

— Qáne, «Úsenjap»qa kim birinshi juwırıp barıp, suwğa boyın taslasa, ol balağa men mına teńgelerimdi beremen, — depti bir qısım teńgeni shıńğırlatıp. Hámmege qosılıp ózi de juwırıptı. Biraq, yarım jolğa kelgende, ol shetlep, izde qalıptı. Buğan itibar bermegen balalar jan-táni menen juwırısıp, japqa kelip birim-birim boyın ata beripti. Biraq, suwğa túsken balalar «way-way»lasıp birden sırtqa atlıgısıptı. Qarasa, Temirbek joq, qashıp ketipti. Sebebi, ol azanda kelip, japqa-kúndegi shomılıp júrgen jerge úsh-tórt túp jantaq taslap ketken eken. Soń balalar onı uslap alıp, jabıla sabaptı. Biraq, tentekligi qalmağan qusaydı.

### Ádisin tapqan...

Temirbek jorası Ómirbektiń qawın atızına urlıqqa túsipti. Negizinde eki úyge de suw bir salmadan keledi. Biraq, Temirbektiń úyi ıqta. Ol Ómirbektiń qawınların úzip-úzip salmağa taslay beripti. Qawınlar suw menen ığıp, onıń úy betine kelipti. Barlığı tońırtqanıń awzına jıynalıptı. Bir gezde Ómirbek Temirbektiń qawın atızdan shığıp kiyatırğanın kóripti. Biraq, qolında hesh nárse bolmağan soń isi bolmaptı.

— Há, jora urlıqqa kelippe ediń, — depti Ómirbek.

— Yağaw jora, pisken-pispegenin kóreyin dep edim. Seniń

qawınlarıń biziń qawınnan kesh eken. Úyge bar, qawın jarıp beremen, — depti Temirbek.

— Biziń qawınlar da bir-eki kúnnen shığıp qalar. Máyli, oğan shekem siziń qawınnan-aq jep turarmız dá! Házir baraman.

Temirbek juwırısı menen úyine kelipti de, tońırtqanıń awzına jıynalıp qalğan qawınlardı alıp, jasıra baslaptı. Azdan soń Ómirbek jetip kelipti. Oğan jańağı qawınnan ákelip jarıp beripti.

— Pah, qawınıńız dım mazalı eken. Tuqımı biziń qawınnan ba deymen.

— Ómeke, yaman bileseń-ay, rasında da seniń qawınıńnıń tuqımınan.

— Bıyıl qay jerge ektińiz?

— Qay jerge deyseń be? Ol basın qasıp, biraz oylanıp qalıptı da soń:

— Anaw tazadan ashtırğan jer bar ğoy, soğan.

— Ol úyińizden dım uzaq emes pe?

— Uzaq ğoy. Biraq, bozdıń qawını jaqsı boladı degen soń...

— Urlawğa da qayım desesh?

«Urlarsań, bar bolsa urlaysań da» demekshi edi jáne Temirbek ózin irikti.

— Heshkim urlay almaydı. Kúndiz eki iyt baylap qoyamız. Túnde basında jatamız.

— Yaqshı, onda, men kettim. Qawınıń ushın raxmet, — dep, Ómirbek Temirbektiń úyinde jegeni óziniń qawını ekenin soń bilipti. Soń onnan payın alıp, qalay bolmasın qolğa túsiriwdi oylaptı.

## Urığa ura

«Gósh mazasın qoysa, men urlağandı qoyar edim» degen ğoy pıshıq. Sol aytqanday, qawınnıń mazasın alğan Temirbek Ómirbektiń qawınına tağı urlıqqa barıptı. Biraq, Ómirbek

bul urlıqtıń aldın alıp, eki jerden eki metr tereńlikte ura qazıptı. Uralardı saban menen ǵolbıratıp bastırıptı. Sóytip, ózi ańlıp jatıptı. Bir gezde Temirbektiń tóbesi kórinipti. Bir qawındı úziwge qolaylasa bergende, «Toqta!» dep baqırıp, izinen quwıp ketipti. Albıraqlap qalǵan Temirbek uraǵa túsip ketipti. Sonıń arasında Ómirbektiń aǵası da jetip kelipti. «Deńgenenıń úlkenin túye soyǵanda kór» degendey, Temirbek sol kúni ólimshi bolıp tayaq jepti. Soń ol qawın urlaǵandı birotala qoyıptı degen gáp bar.

## MAZMUNÍ

Qulıp nege buzıldı? .... 3
Qos terek .... 4
Erkebaydı erke demeń... .... 5
Keshirim .... 8
Layka qaytıp keldi .... 12
Kókkóz, Qarakóz hám Úndemes .... 14
Júrek sheshimi .... 16
Kim ayıplı? .... 21
Awıl áńgimeleri .... 25
«Bas aman bolsın» .... 26
«Ózim soǵıp alaman» .... 27
«Oynap aytıp edim» .... 27
Kim birinshi barsa .... 28
Ádisin tapqan .... 28
Urıǵa ura .... 29